Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

# ВЕСТНИК Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА




12+ № 24-25 (9768) / 11 (18) июнь 2018 с. / итни 26 Рамазан 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***После распада Советского Союза у молодой России не осталось государственных праздников, на первый план вышли праздники народные – Новый год, Рождество, Пасха. Поэтому Президент России Б. Н. Ельцин своим указом утвердил 12 июня праздничным днем как день принятия Декларации о государственном суверенитете России. Но идея праздника с таким названием, как всенародного, не прижилась в стране, и 1998 году руководством страны праздник предложено было называть День России. Официально же он стал так называться только с 2002 года, когда был принят новый Трудовой кодекс. Сегодня День России воспринимается как символ свободы, самостоятельности и независимости России, как день национального единения всех граждан страны.***

# Поздравления

Поздравляем с Днем России! Величие и мощь нашей страны вызывают трепет и уважение. Пусть в душе каждого гражданина будет место для любви к своей Родине. Пусть сила духа предков принесет развитие и благополучие, даст силы для великих достижений и веру в прекрасное будущее.Пусть щедрость российской земли принесет достаток и уют, умиротворение и гармонию в каждый дом! Счастья вам и процветания!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

С Днем России вас, уважаемые казбековцы! Мы все россияне, а значит, нам уже есть чем гордиться. Наша страна — великая держава, надежный оплот с богатой историей, которая дает нам, детям своей страны, силы на борьбу с любыми проблемами. Давайте вместе продолжать строить будущее России достойно, а также учить этому своих детей.

***Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г.Махачев***
***Руководитель исполкома местного отделения***
***ВПП «Единая Россия» С.Г.Алтумирзаев***

С большой радостью в душе хочу поздравить казбековцев с Днём России. Желаю, чтобы великая и могущественная страна никогда не теряла своей силы, чтобы народ России всегда оставался единым и непобедимым, чтобы дух страны был самым крепким и несломленным.



## Х1урматиял газета ц1алулел!

Унеб буго гьаб соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багьа – 286 гъур.**




## Уважаемые жители района!

С чувством искренней радости поздравляем вас со священным праздником – Ураза - байрам!

Пусть Всевышний примет наш пост и простит нам грехи. Пусть укрепляются наши добрососедские и дружеские узы. Желаем вам всем здоровья, счастья и всего наилучшего во всех ваших начинаниях.

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. Мусаев.***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. Гирисханов.***

## Уважаемые казбековцы!

Желаю счастливого праздника Ураза - байрам! Пусть в вашем доме будут мир и благодать, а в семьях царят лад и любовь.

***Депутат НС РД М -п.(К.-п) Д. Умаханов.***

Поздравляем с праздником Ураза- байрам! От всей души желаем, чтобы Аллах принял жертвы вашей души и послал взамен добра и милости. Пусть в ваших домах будет светло и уютно, а в сердцах всегда живут надежда и любовь.

***Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия» Д.Г. Махачев.***
***Руководитель исполкома местного отделения ВПП***
***«Единая Россия» С.Г. Алтумирзаев***

## Диналъул вацал ва яцал!

Баркула нужеда бусурбабазул бищунго хириял ва къиматал байрамаздасан цояб-кIалбиччалъул ГIидалъул Къо! ТIадегIанав Аллагьас къабул гьабун ратаги нилъеца ккурал кIалал, рарал какал, рахъарал закагIат - сахIал, кьураб садакъа ва гьабулеб гIибадат.

***Районалъул имамзабазул Советалъул председатель***
***АхIмадрасул Качалаев***

## ХIурматиял районцоял!

РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб ГIидалъул Къо-кIалбиччаялъул байрам. Гьарула нужее халатабгун ракълилаб гIумру,гIакълугун сабру.Аллагьас къабул гьареги киназулго ккурал кIалал,рахъарал сахIал.

***ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI.А. Адимирзаев.***
***Ригь аразул Советалъул председатель М.ГI. Чупалаев***
***Рагъулгун захIматалъул ветераназул***
***Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибов***




## Уважаемые медики, с праздником!

Пусть ваш неоценимый, благородный труд будет щедро вознаграждён, пациенты послушно исполняют ваши предписания, родные никогда не пользуются вашими услугами. Будьте счастливы, хранимы небесами, всегда бодры и весёлы. Спасибо за помощь, знания, веру, надежду, терпение, спасение жизней и сохранение здоровья!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ***
***Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ***

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

# Райадминистрациялда



5 июналда районалъул администрациялда т1обит1ана аппаратальул иргадулаб данделъи. Гьелъул хал гьабиялде босун бук1араб **«Районалъул Централияб больницаялда унтаразе хъулухъ гьаби ва гьеб дарабаздалъун хьезаби»** абураб суалалда т1асан къокъаб к1алъай гьабуна гьеб идараялъул бет1ерав тохтур М-расул Лат1иповас.

Гьес данделъиялъул г1ахьалчаг1азе баян кьуна больницаялда ругел г1олел-г1оларел рахъазул ва г1унгут1аби т1аг1инариялда т1ад гьабулеб бугеб х1алт1ул.

Районалъул бет1ер Х1ажимурад Мусаевас кьварараб бадибч1вай гьабуна Дубки посёлокалда бугеб участковияб больницаялъул бет1ерав тохтурасе, рехсана, цо-цо ккун, гьенир ругел г1унгут1аби ва лъазабуна къокъаб заманалда гьел т1аг1инаризе х1аракат бахъеян.

**«Г1арзабазул халгьаби»** абураб суалалда т1асан к1алъазе вахъана райадминистрациялъул аппараталъе нухмалъулев Г1адукав Базаев.

**«Т1адкъаязул хал гьаби»** суалалда т1асан к1алъай гьабуна экономикаялъулгун планированиялъул ва г1уц1иялъул суалазул отделалъул начальник Д.З.Сайдулаевас.

Данделъиялъул халгьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел х1укмаби.

Гьединго, Х1.Мусаевас бицана администрациялъул х1алт1ухъабазда, районалъул учреждениябазегун г1уц1абазе нухмалъулезда цере ч1арал аслиял масъалабазул ва ругел г1унгут1абазул.

**«Бечедаб буго нилъер район сахаватал, ях1-намус чорхолъ бугел, х1ажалъи ккаралъуре рахъине х1адурал г1адамаздалъун. Г1емерал руго гьез (жидерго харжалдалъун) росабалъ гьарулел х1алт1аби. Баркала гьезие. Хадубккунги гьезул кверал кирего г1унт1изе рук1иналда дир щаклъи гьеч1о. Бихьулищ цояз больницаялда 120 тонна лъел жанибе унеб х1авуз гьабун бугеб, цогидаз «Салавюрт» микрорайоналда спортивияб площадка бараб, лъабабилезин абуни, Буртунай росулъа «Мич1ч1ил к1к1ал» абураб участокалде щвезег1ан, 12-13 км манзилалда, 200-ялдаса ц1ик1к1ун «КАМАЗ» автомашина ц1ураб чабахги бан, нухал къач1ан ругел! Гьединал ва гьезда релъъарал х1алт1аби дагьал гурел нилъер районалда гьарулел ругел. Гьел х1алт1абаз, цоги нухалдаги, бихьизабула нилъер г1адамазул унго-унгояб сахаватлъи. Районалъул экономика борхизабизе, г1адамазул рук1а-рахъин цебет1езабизе гьезул бугеб гьира. Гьединлъидал, нилъер щивасулги бук1ине ккола цоцаздехунисеб лъик1аб бербалагьи. Бокьизе ккола нилъерго район ва халкъ, лъик1лъизабизе ккола халкъалъе гьабулеб хъулухъ. Хасаб бербалагьи бук1ине ккола унтаралгун сакъатазде, херазде, мукъсанаб гурони яшав гьеч1езде. Дун х1аким вугинги абун, г1адамаздаса довег1ан к1анц1ун ч1езе бегьуларо. Г1одоре риччан, г1енеккизе ккола т1аде рач1арал г1адамазухъ. Заманалда гьезие жавабги гьабизе ккола. Гьеб буго нилъер щивасда т1адаб борч»**, - ан абуна Х1.Мусаевас данделъиялъул ахиралда.

*С.Султанмух1амадова*

# Лъимерлъиялъул талихIаб параялда...

Гьединаб ахIиялда гьоркь, 1 июналда районалъул культураялъул Централда кIодо гьабуна Халкъазда гьоркьосеб лъимал цIуниялъул Къо.

Гьенире гIахьаллъана - районалъул депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гьирисханов, райадминистрациялъул аппараталъе нухмалъулев П.П. Базаев, къайимлъиялъул ва тIалаб-агъазалъул отделалъул начальник Загьраханум Батиева, Дилим,Гуни,ИчкIа,Ленинаул,Буртунай росабазул ва Дубки поселокалъул къайимлъиялде ккарал лъимал ва гьел хьихьарал г1адамал, райцентралъул лъимализул ахаздаса гьитIичал. Гьенив к1алъазе вахъарав Гъ.М. Гьирисхановас, районалъул бетIер XI.XI. Мусаевасул ва депутатазул рахъалдасан данделъиялъул гIахьалчаг1азда байрамги баркун, абуна: *«**Лъимал ккола нилъер бук1инесеб, г1умрудул маг1на ва талих1. Биччанте рагьулгун тунках1усиязул х1акъалъулъ гьезда лъазе цого т1ахьаздасан ва кинофильмабаздасан. Бихьугеги гьезда кьал, даг1ба-къец абадиялъ**»*,-ан.



Лъималазда баркигун гьений кIалъана 3-х. Батиева, ва гьелъ, райадминистрациялъул рахъалдасан, къайимлъиялда ругел лъималазе кьуна гIарцулал сайгъатал. Гьединго, умумул рахъалдасан баркиялъул раг1аби абуна Наида Мух1амадовалъги.

Къайимлъи гьабулезул рахъалдасан к1алъай гьабуна Мадина ГьазимухIамадовалъ.

Лъимерлъиялъул байрам берцин гьабуна Дилим росдал лъималазул ахазул гьит1ичазул церерахъиназ.

*И.ИДРИСОВ.*

# Баркула!



«Казбек район» муниципалияб г1уц1иялъул бет1ер Х1ажимурад Х1ажиевич Мусаевасда баркула Россиялъул Президентасда цебе г1уц1араб халкъияб маг1ишаталъул ва пачалихъияб хъулухъалъул академиялъул магистрлъун вахъин.



Калининаул росдал гьоркьохъеб школалъул г1урус мац1алъулгун литератураялъул муг1алим Сайгибат Байтархановна Гереххановалда баркула филологиялъул г1елмабазул кандидатлъун яхъин.

*Информцентр.*

## Россиялъул полициялъе 300 сон. Кида?

**Юбилеялъулаб къо г1агарлъулеб буго. Бит1ун абуни, гьеб нухде лъугьана. Тарихчаг1и г1емер ч1уч1адана, мух1кан ва нахъбуссин гьеч1ого, гьеб къо лъазабиялда т1ад.**

**Ахирги х1укму ккана Россиялъул полициялъе 300 сон т1убаблебъун 2018 соналъул 18 июнь рик1к1ине. Цересел документазул хал гьабураб заманалда г1алимзабазда батана 1715 соналъ Санкт-Петербургалда къват1ибе биччараб «полициялъул канцелярия» абун т1оцебе хъвараб документ ва гьезул къот1и ккана гьеб сон Россиялъул полициялъе «кьуч1 лъураб сонлъун» бихьизабизе.**



Т1адехун рехсараб юбилей к1одо гьабиялъул данделъи т1обит1ана 5 июналда районалда бугеб МВДялъул отделалдаги.

Гьенире г1ахьаллъана – районалъул бет1ерасул заместитель И.Б.Салимханов, рагъулгун зах1маталъул ветераназул Советалъул председатель Х.Г1.Мух1амадх1абибов, милициялъул ветеранал: З.Г1.Г1усманов, Г.А.Идрисов ва цогидалги.

Данделъаразда 300 сонилаб юбилей баркун к1алъазе рахъана: И.Б.Салимханов, ОМВДялъул начальник Г1.Х1.Г1алханов, Х.Г1. Мух1амадх1абибов, З.Г1усманов, Г.Идрисов.

Тадбир ахиралде щвана, хъулухъалъулал ишал т1уралаго, г1умруялдаса рат1алъарал полициялъул (милициялъул) х1алт1ухъабазе лъураб обелискалда цере т1угьдузул горал лъеялдалъун.

*И.ИДРИСОВ.*

# 22 июнь-ракIалдещвеялъул ва пашманлъиялъул къо!




77 сон г1олеб буго инсаниятальул тарихалъулъ бищунго вахIшияблъун букIараб рагъ байбихьаралдаса. Тарихалдасан нилъеда лъикI лъала (жеги руго гьелъулъ гIахьаллъаралгун гьелъул нугIзал) 1941 соналъул 22 июналда фашистазулаб Германия нилъер ВатIаналде тIаде кIанцIараблъи. Германиялъе нухмалъулезда ракIалда букIана 2-4 анкьалда жаниб нилъер улка (СССР) кверде босизе ва гьезул гьелда щибниги щаклъи букIинчIо.

Рагъул тIоцересел моцIаз,унго-унгоги,немцазда кIвана Москваялде г1агарде щвезегIан рачIине ва гьезул хьул букIана 7 ноябралда «БагIараб» майданалда бергьенлъи босиялъул парад тIобитIизе. Гьеб заман букIана нилъер пачалихъ букIиналда хIинкъи ккараб, амма пачалихъалъе нухмалъулезда бажарана, **«Кинабго фронталъе, кинабго бергьенлъиялъе»** абураб ахIиялда гъоркь, халкъ цолъизабизе.

**«Кинаб захIмалъиялда Советияб халкъалда немцазде данде чIезе ва хадусан гьезда тIад бергьенлъи босизе кIвараб?»**-ан абураб суалалъе жаваблъун руго рагъул хIакъалъулъ хъварал рикIкIен гIемерал тIахьал, рахъарал кинофильмал ва рагъул г1ахьалчаг1азул биценал.



Бергьенлъи босун 73 сон аниги, жеги сахлъун гьечIо гьелъ ракьалда ва гIадамазул ракIазулъ тарал ругънал. Гьанже бакI-бакIаздасан раккулел руго нилъеца Германия къезабиялъулъ аслияб бутIа лъун букIинчIин абулел гьаркьал. Амма гьезда кIочонтун буго аралда таманча речIарасда бачIунелъ гIарада речIулеблъи.

Нижеда ккола ракIалдещвеялъул ва пашманлъиялъул къогун КIудияб Бергьенлъи боси, Гуниялдаса Россиялъул журналистазул Союзалъул член МухIамадбег Абулаевасул кочIол мухъаздалъун районцоязда ракIалде щвезаруни, лъикIаб букIинин.

## Къиматаб бергьенлъи баркула дица

Нилъер умумузе хираго чIараб,
Хвалилаб кьаби щун тушман сорораб,
Улкаялъул къадру, халкъалъул рохел
Баркула нужеда бергьенлъи дица.
ИчIботIрол аздагьо чIинтIизабизе,
Чорхол рухIги жанги жидеца къурал,
Жибго чарангIадал ветераназда,
ТIоцебе баркула дица бергьенлъи.
Гьаб нилъер ракълилаб гIумру биххизе,
Нагагь лъидениги ракIалде ккани,
Гьезий кIочонареб дандчIвай гьабулел
ВатIан цIунулезда баркула дица.
ЦIадакьги, бакъукьги, къасиги, къадги,
Къан рачелги борчун, посталда ругел,
ХIажалъани маян чорхол рухI кьолел,
Гьал полициязда баркула дица.
Мадрасал, школазул цIалдохъабазда,
ЦIалдон свакаларел студентаздаги,
Гьезий дарсал кьолел мугIалимазда,
РакI-ракIалъ баркула бергьенлъи дица.
Дора космосалъул гIатIилъабазда,
МоцIалги соналги тIамулел ругел,
ГIакълу-лъай камилал гIалимзабазда,
Салам кьун, баркула бергьенлъи дица.
Инсанасул сахлъи цIунилин абун,
Жидеца гьа кьурал тохтурзабазда,
Кьабун кверги босун, баркула дица,
ТIолго миллатазе гIаммаб бергьенлъи.
Къиматаб бергьенлъи баркула дица,
Пемер миллатазул районцоязда.
Рагъул заманалда Сталиница,
Тел кьабун бачIарал росуцоязда.
Цогиги бергьенлъи баркула дица,
«Чапар» газеталъул коллективалда.
Таваккал бергьараб, сабру цIикIкIараб,
ЦIикIкIараб реццалъе даим жиб хIакъаб.
ВатIаналъе гIоло, нилъее гIоло,
ГIумру кьун къанщарал, дир улка цоял,
Дора борхалъуда хъахIил накIкIазулъ
Ратаги Расулил къункърабазулъ нуж.

***РЕДКОЛЛЕГИЯ.***

# Баркала буртабазул гIолохъабазе

МагIарухъе хьвадулезда лъала Буртунай росулъа **«ХIариб»** къварилъухъе бугеб нухалъул ахIвал-хIал. МагIарухълъиялъул цо-цо районалгун росабалъе гьенисан хьвадизе санагIалъи буго, щай абуни, гьеб нух къокъаблъун кколелъул. Ккани щиб, техника хьвадулеб хIалалда гьеб гьечIони.



Дагъал церегIан къояз, бан чабахгун, нух къачIан буго. ЦIех-рех гьабидал, гьеб хIалтIи гьабун буго (жидерго харжалдалъун), районалъул бетIер XI.XI. Мусаевасул бетIерлъиялдагун кумекалдалъун, Буртунай росдал гIолохъабаз.

Бокьун буго, **«Чапар»** газета гьоркьобккун, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизе XI.XI. Мусаевасе ва буртабазул гIолохъабазе гьеб кири цIикIкIараб хIалтIи гьабуралъухъ.

***НабихIажи СагIидов, Гумбет район, Инхо росу.***

**Дилим росдал школалъе (лицей) – 100 сон!**

# ГIасруялъул тарихалъулъ...



**Гереева (Абуева) Батули ГIалибековна** (1951-2011с.с.) Дилим росдал школалъул (лицей) тIоцеесей чIужугIадан-директор. Батули Гереева гьаюна 1951 соналъ Дилим росулъ, амма къисматалъ гьей ячана Дербенталъул ясазул лъималазул рукъое.Гьениб тIокIлъиялда микьго классги лъугIизабун, Батули лъугьана Буйнахъскиялъул педучилищеялде. Гьебги Батулица лъугIизабуна тIокIлъиялда ва гьей лъугьана ДГУялъул филологическияб факультеталде.

Студентазда гьоркьор тIоритIулел киналниги тадбиразул жигарай гIахьалчIужу, цеехьан,цIалул отличник Батулил цIакъ къимат гьабулаан факультеталъул мугIалимзабазулгун студентазул коллективалъ.Гьелъие щолаан Ленинилаб стипендия, гьеб кьолаан бищунго лъикI цIалулел ва университеталъул гIумрудулъ жигараб гIахьаллъи гьабулел студентазе. Гьелъго бихьизабула Батулил тIаде босараб ишалде букIараб бербалагьи ва жавабчилъи.

1975 соналъ **«БагIараб»** дипломалда цIалиги лъугIизабун, Батули Гереева тIадюссана гIагараб росулъе ва гьелъ байбихьана росдал №1 гьоркьохъеб школалда хIалтIизе.

Байбихьудасанго Б. ГIалибековналъ жийго йихьизаюна гъваридаб лъай бугейлъун, лъималазулгун ва чIахIиязулгун рагIи данде ккезабун, гьабулеб хIалтIулъ батIи-батIияб къагIидаби хIалтIизарун бажарулейлъун. Къокъабго заманалда Батулил цIар тIобитIана Дагъистаналъулго мугIалимзабазда гьоркьоб. Гьелъул дарсал рукIунаан рагьараллъун,хIалбихьи щвеялъе гьелъухъе рачIунаан батIи-батIияб бакIаздаса мугIалимзаби.

РакIбацIцIадай, магIарул яхI-намус цIунарай Батули йикIана гIолеб гIелалъул насихIатчIужулъунги тарбиячIужулъунги. РакIчIун абизе кIола Б. Гереева гIахьаллъулареб тадбир школалъул гIумруялъулъ къанагIатги букIунароанин. Гьелъул цIалдохъабаз батIи-батIияб къецазда росулаан призалъулал бакIал.

Районцоязда ракIалда ратила **«Сабаб»** телестудиялдасан кьолел рукIарал передачаби гьелъ г1уц1улел рук1арал къаг1идаби. Кидаго хIажатаб кумекалъе хIадурай, бичIчIен бугей, рекIелъ чIухIи гьечIей Батули цIакъ йокьулаан цIалдохъабазе, цадахъ хIалтIулезе ва умумузе.

Б.ГI. Гереевалъ хIалтIи кинаб къагIидаялда гьабулеб букIарабали бихьизабула гьелъие щварал шапакъатаз. Гьей кIодо гьаюна **«Россиялъул лъакьеялъул отличник»**, **«Дагъистаналъул мустахIикъав учитель»** цIараздалъун, лъайкьеялъул министерствоялъул, партиялъул райкомалъул, райисполкомалъул, РайОНОялъул (СССРалъул заманалда) гьанжесеб райадминистрациялъул, РУОялъул ва школалъул дирекциялъул ХIурматалъул грамотабаздалъун ва цогидалги шапакъатаздалъун (1988 соналъ Б. Гереева гIахьаллъана СССРалъул учительзабазул съездалдаги). ХIалтIиялдехун бугеб жавабчилъиги бихьун, Б. ГIалибековна тIамуна школалъул директорлъун (2007с.), амма, сахлъи гьечIолъиялде балагьун, гьелъ хIалтIи тезе ккана. 36 сон гIумрудул кьуна гьей гьайбатай инсаналъ лъималазе лъайгун тарбия кьеялъе.

Батули ГIалибековна гIумруялдаса ятIалъана 2011 соналъ. Даимаб лъалкI тана Б. Гереевалъ тIадехун рехсараб школалъул тарихалъулъ.

***ХI. ГIАБДУЛМУСЛИМОВ,мугIалим, Дилим росу***

# К1ал биччаялъул сах1



К1ал биччаялъул сахI т1адаблъун гьабуна гьиджрияб тарихалъул 2-леб соналъ.

Гьебго соналъ т1ад гьабуна к1алги. Гьеб т1ад гьабиялъул х1икматги, нафсалъе бац1ц1алъи ва лъик1аб г1амалалъе ц1обай буго. Гьединго, гьелъулъ к1алалда жаниб ккараб жагъаллъи бац1ц1ине гьабиги буго, какилъ сагъвилъиялъул суждаялда релълъун.

*СахI бахъиялъул г1ужал*

**Бегьулеб г1уж:** Рамазан моц1 байбихьаралдаса

**Т1алъулеб г1уж:** Рамазаналъул ахирисеб къоялъ бакъ т1ерхьаралдасан байбихьун.

**Хирияб г1уж:** Г1идалъул къоялъул рогьалил какдаса хадуб, Г1идалъул как базег1ан.

**Карагьатаб г1уж:** Г1идалъул какдаса хадуб, бакъ т1ерхьинег1ан. Кинниги какдаса нахъ бахъиялъулъ карагьалъи гьеч1о, ц1ик1к1ун х1ажатав чи вач1иналъухъ балагьун ч1ун ругони. Г1уж т1аса инч1ебг1ан заманалъ.

**Х1арамаб г1уж:** Г1идалъул къоялдаса нахъе бахъани, (ай бакъ т1ерхьун хадуб).

**Кант1изари:** ***СахI бахъараблъун рик1к1уна, ниятги гьабун, мустах1икъаб агьлоялъухъе швараб мехалъ.***

***СахI т1алъиялъе шарт1ал***

*Бусурманав вук1ин.*

**Г1уж щун бук1ин.** Гьеб т1адаблъун лъугьуна Рамазаналъул ахирисеб къоялъул бакъ т1ерхьараб мехалъ.

Рамазаналъ ч1агоги вук1ун ахирисеб къоялъул бакъ т1ерхьиналде хвани, гьев чиясда сахI т1алъуларо, т1ерхьун хадуб хвани, т1алъула. Гьединго, т1алъула бакъ т1ерхьиналде гьабураб лъимадудаги, т1ерхьун хадуб гьабуни- т1алъуларо.

Х1анафил мазгьабалда рекъон (ай г1арцудалъун бахъула бугони), т1адаб г1уж щола Г1идалъул къоялъул рогьел баккаралдаса, гьел цере рехсарал х1укмабиги т1алъула рогьел баккаралдаса хадуб.

**СахI т1алъулеб г1ужалъ, сахI бахъизе рес бук1ин** (цо сордо-къоялъул бет1ербахъиялдаса ц1ик1к1араб жо бук1ин).

Сах1 бахъулеб бугони, балугълъиялде рахинч1ел лъималаздаса, ч1ужуялдаса, яги хьихьизе т1адал эбел-инсудаса вакиллъи къвараг1унаро. Балугълъиялде рахарал лъимаздасан яги вацъцалдасан бахъулеб бугони, вакиллъи т1алаб гьабизе ккола. Амма Х1анафил мазгьабалда рекъон бахъулеб бугони, ч1ужуялъулги эбел - инсулги вакиллъи босизе ккола.

***Сах1ил къадар***

Шафиг1ил мазгьабалда рекъон сах1ие бахъизе ккола, жив вугеб бак1алъул ц1ик1к1ун бет1ер бахъи гьабулеб жо.(Нилъер гьаниб РОЛЪ). Сах1ил къадарги **2,4 кг (2 кг.400гр)**.

Х1анафил мазгьабалда рекъон к1ал биччаялъул сах1ил къимат кьезе бегьула, хириябцин буго. Щай гурелъул, гьелдалъун факъирзабазе пайда ц1ик1к1ун бук1иналъ. Гьесул мазгьабалда сах1ил къадар **3,8 кг. (3 кг.800 гр**.) буго.

***СахI щолеб агьлу***

**Аллагьас Къуръаналда закаг1аталъе микьго агьлу рехсон буго.** .

Факъирзаби - Жидер я х1алт1и гьеч1ел, я боц1и - мал гьеч1ел, яги боц1и- мал бугел, амма гьеб жедее г1оларел. (мисал: 10 гъур. къвараг1унеб бугони, 3 гъур. гурони щоларел).

***Миск1инзаби*** - жидеда рекъараб х1алт1и бугел. Боц1и-малги бугел амма х1ажаталъе жидее гьеб г1оларел (мисал 10 гъ. къвараг1унеб бугонани 7 гъ. горони щоларел).

**Закаг1ат-сах1алда т1ад х1алт1и гьабулел г1адамал-** *(гьеб хъвалел бикьулел ва гь.ц.)*

***Исламалде рач1арал ц1иял г1адамал*** - гьезул исламалъулъ рак1ал щулалъизе рук1ине.

**Боц1иги т1ад къот1ун тархъарал лагъзал.**

**Х1алалаб нухалда т1ад налъи ккарал г1адамал.**

**Аллагьасул нухда (гъазаваталда) ругел г1адамал.**

**Х1алалаб сапаралда ругел г1адамал.**

*Ният гьаби****Ролъ кьолеб бугони:*** Дица ният гьабуна (дидасанго, яги дун вакил гьавурав пуланасдасан) к1ал биччаялъул Г1идалъул фаризаяб сахI бахъизе Т1адег1анав Аллагьасе.

**Вакил гьавулеб къаг1ида:** Дица мун вакил гьавуна дидасанго к1ал биччаялъул г1идалъул фаризаяб сахI бахъизе (-ян цояс абила),дица къабул гьабуна (-ян цогидас абила).

***Г1арац кьолеб бугони:*** Дица ният гьабуна (дидасанго, яги дун вакил гьавурав пуланасдасан) к1ал биччаялъул г1идалъул фаризаяб сах1ил къимат кьезе, Абу Х1анифал мазгьабалда нахъ вильлъун, Т1адег1анав Аллагьасе.

**Вакил гьавулеб къаг1ида:** Дица мун вакил гьавуна дидасанго к1ал биччаялъул г1идалъул фаризаяб сах1ил къимат кьезе (-ян цояс абила), дица къабул гьабуна (-ян цогидас абила).

# Операция «Мак-2018»

Отдел полиции по Казбековскому району проводит масштабную операцию «Мак-2018» совместно со службами: МР **«Казбековский район»**, ГКУ **«Казбековское лесничество»** и Управление с\ хозяйства района.

Цель данной операции: а) выявление, предупреждение раскрытие преступлений, связанных с незаконным оборотом наркотических веществ растительного происхождения; б) выявление и ликвидация незаконных посевов и очагов дикорастущих растений, содержащих наркотические средства.

***ОМВД по Казбековскому району***

## Общий список кандидатов в присяжные заседатели для обеспечения деятельности Верховного Суда РД по МР "Казбековский район"

| № п/п | Фамилия | Имя | Отчество |
|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 |
| 1 | Шахабасов | Раджаб | Алиасхабович |
| 2 | Абдурахманов | Ильяс | Усманкадиевич |
| 3 | Абуков | Арсен | Магомедович |
| 4 | Айтимиров | Идрис | Саидбегович |
| 5 | Шайх-ахмедов | Салатгерей | Силахович |
| 6 | Гамзатов | Госен | Карбудинович |
| 7 | Юнусов | Мусакай | Алиасхабович |
| 8 | Маазова | Сидрахан | Мухудиновна |
| 9 | Магомедгазиева | Майсарат | Исмаиловна |
| 10 | Касумов | Абдухалим | Гаджиевич |
| 11 | Абдуразаков | Шамиль | Зулумханович |
| 12 | Ганипаев | Абдузайид | Магомедович |
| 13 | Курахмаев | Г имбат | Узунович |
| 14 | Микаилова | Хавраг | Жумадиловна |
| 15 | Абасов | Зубайри | Жамалович |
| 16 | Асланбаева | Аминат | Басировна |
| 17 | Минсултанов | Думаали | Жамалдинович |
| 18 | Гайирбиев | Назир | Байсултанович |
| 19 | Алисултанов | Шамиль | Салимгереевич |
| 20 | Магомедов | Хабиб | Далиевич |
| 21 | Магомедова | Халимат | Макаевна |
| 22 | Сиражудинов | Мурад | Узайриевич |
| 23 | Абдулатипов | Абдураип | Абдулвадудович |
| 24 | Гамзатов | Гази | Исрапилович |
| 25 | Пайзулаев | Усман | Алисултанович |

Районалъул культураялъул х1алт1ухъабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго хъизан-лъималазда ва т1олабго г1агарлъиялда

**Сайгидмух1амад**

г1умруялдаса ват1алъиялда бан. Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьесие.

---

**«Чапар»** газеталъул редакциялъул х1алт1ухъабаз, гьелъул штаталда гьеч1ел мухбирзабаз гъваридаб пашманлъи загьир гьабулеб буго хъизан- лъималазда, г1ага-божаразда

**Сайгидмух1амад**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

Бетlерав редактор: Мухтар Гlалиевич Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: Хlалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият Султанмухlамадова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо Хlайбаева
Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб Гlабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141, Саид-Афандил къват1,2 Индекс: 51354 Заказ №84 Тираж 1271 Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола